

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Sastra saenyana ngabahas ngeunaan hirup jeung kahirupan, kaasup pasualan hirup manusa jeung kahirupan sabudeureunana, ku cara diébréhkeun maké basa anu has, hartina, sastra méré gambaran anu leuwih lega ngeunaan éta kahirupan. Gambaran kahirupan saperti kitu, nurutkeun Lukens (dina Nurgiyantoro, 2005, kc. 3) datang tina *eksplorasi* kana sagala wangun kahirupan, rusiah kahirupan, pamanggih sababaraha karakter manusa, jeung informasi séjénna anu bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung pamahaman pamaca. Saluyu jeung éta hal, Sumardjo & Saini (1986, kc. 8) méré kamandang yén sastra bisa méré pangaweruh anu jero ngeunaan manusa, dunya, jeung kahirupan ka pamaca.

Sastra némbongkeun hal anu pikaresepeun, ngajak pamaca pikeun ngaguar *fantasi*-na, ngadorong pamaca kana hiji galur kahirupan anu pinuh ku daya *suspense*, mekarkeun émosi pamaca nepi ka milu aub kana suasana carita, anu sakabéhna dibungkus ngagunakeun basa anu matak ngirut. Dina hal ieu katitén yén sastra méré kabungah jeung kasugemaan ka pamacana.

Wellek & Warren (2014, kc. 24), nétélakeun yén ajén kasugemaan anu aya dina karya sastra saenyana lain ngan saukur hal anu aya patalina jeung kaayaan fisik, leuwih ti éta, miboga mangpaat anu serius jeung didaktis. Hartina, kasugemaan anu tangtu pikabungaheun, kaseriusan anu éstétis, jeung kaseriusan persépsi. Pon kitu deui, Lukens (dina Nurgiyantoro, 2005, kc. 3) negeskeun yén sastra hadir di tengah-tengah pamaca utamana méré hiburan keur pamaca.

Hal-hal éta téh nyampak ogé dina sastra barudak anu ngawengku bacaan barudak. Sabab sastra barudak bisa digunakeun sabagé alat panambah panagaweruh barudak di sagédéngeun pangajaran-pangajaran anu diajarkeun di sakola formal atawa di imah (Sarumpaet, 1976, kc. 11).

Salian ti éta, karya sastra téh tangtu euyeub ku gambaran-gambaran sosial masarakat. Dina carita barudak *Nala* karya Darpan, gambaran kahirupan sosial barudak di lingkungan kulawarga jeung masarakat katitén euyeub. Dina ieu hal, pangarang ngaliwatan kamampuh *intersubjektivitasna*, ngaguar kabeungharan anu aya di masarakat, dilarapkeun kana karya, tuluy dibaca jeung aprésiasi ku pamaca (Ratna : 2015, kc. 333-334). Sababaraha pasualan anu patali jeung kahirupan sosial barudak, dibeungkeut dina hiji karya anu utuh. Status sosial, prosés sosial, interaksi sosial atawa paripolah sosial, katitén ngirut pikeun ditalungtik. Hartina, aspék sosial anu nyangkaruk dina éta karya kacida pentingna pikeun pangaweruh barudak dina nyanghareupan kahirupan sosial di masarakat. Ku kituna, penting pisan aspék-aspék sosial anu nyangkaruk dina éta karya diguar pikeun ditalungtik sangkan miboga ma'na anu utuh kalawan jelas.

Saupama ditilik tina jihad pangwangunan karakter, sastra barudak bisa disebut miboga kontribusi anu gedé pikeun kamekaran karakter jeung kapribadian barudak dina raraga prosés kana kadéwasaan sabagé manusa anu miboga jati diri anu jelas. Saxby (dina Nurgiyantoro, 2005, kc. 36) nétélakeun yén kontribusi sastra barudak dimimitian ku dukungan kana tumuwuhna sagala macem pangalaman (rasa, émosi, basa), personal (*kognitif, sosial, étis, spiritual*), *eksplorasi*, jeung pamanggih.

Ngawangun karakter barudak mangrupa bagian tina ngabentuk idéntitasna. Idéntitas anu dimaksud lain mangrupa hiji éntitas anu *statis* atawa *stagnan*. Giddens (dina Udasmoro, spk. : 2012, kc. 39) nétélakeun yén karakter minangka bagian tina idéntitas anu mangrupa hiji proyék individual jeung sosial anu duanana kaiket dina hiji konstruksi. Saluyu jeung éta hal, Bourdieu (dina Udasmoro, spk. : 2012, kc. 39) nétélakeun yén éta konstruksi tangtu ngalibetkeun hiji prosés anu disebut *proses pembiasaan* atawa *habituation process*. Dina prak-prakanana, éta prosés didukung ku sababaraha unsur, saperti kulawarga, sakola, lingkungan paulinan, jeung sajabana.

Atikan karakter mangrupa hal penting anu kudu diajarkeun ka barudak ti leuleutik kénéh. Sabab, barudak perlu miboga hiji karakter anu hadé kalawan luyu

jeung kaayaan lingkungan sabudeureunana. Atikan karakter anu bisa diajarkeun ka barudak upamana baé anu patali jeung tanggung jawab, kadisiplinan, kamandirian, amanah, hormat jeung santun, percaya diri, kréatif, agamis, wanter, handap asor, jrrd. Saluyu jeung éta hal, Udasmoro, spk. (2012, kc.4), nétélakeun yén atikan karakter saenyana leuwih nyoko kana ajén- ajén anu hadé (*karakter knowing*), ngarasakeun ajén-ajén anu luhung nepi kana dasar haté (*karakter feeling*), jeung miboga komitmen anu pageuh pikeun ngawujudkeun hal-hal anu dipikanyaho tuluy dilarapkeun dina tindakan anu nyata (*karakter action*).

Cara nerapkeun atikan karakter ka barudak bisa dilakonan ku sababaraha cara, salah sahijina ngaliwatan bacaan barudak atawa sastra barudak. Nurutkeun Hassanudin (2015, kc. 22), ajén atikan karakter dina sastra barudak bisa mangrupa ajén atikan karakter kaimanan jeung kataqwaan, kajujuran, kapinteran, kapadulian, jeung kakuatan dina nyanghareupan hiji pasualan. Hartina, salian ti méré kasugemaan, sastra ogé méré pamahaman.

Ngaliwatan bacaan, barudak dipiharep bisa nyonto ajén-inajén anu kasampak dina éta bacaan. Sarumpaet (1976, kc. 95) nétélakeun yén mangpaat anu aya di jero bacaan barudak salah sahijina nyaéta katémbongna palaku-palaku anu bisa jadi éta palaku bisa ditarima ku barudak minangka palaku idéntifikasi. Hartina, dina kontéks tumuwuhna barudak, “nurutan” hiji tokoh kaasup hal anu wajar sabab dilakukeun ku cara *fragmentaris* jeung *témporér*.

Dina raraga ngawangun karakter ngaliwatan sastra barudak, mékanisme anu kawilang gampang nyaéta barudak maca hiji carita kalawan dilakonan jeung dibiasakeun dina waktu anu lila, sadar teu sadar barudak bakal miboga *preferensi* kana hiji hal saluyu jeung bacaan anu dibaca.

Berger jeung Luckmann (dina Udasmoro, spk. : 2012, kc 39-40) nétélakeun yén dina tiori *Téh Construction of Realities* aya tilu mékanisme anu dinamis minangka ngalakonan prosés ngabiasakeun tadi. Tilu tataran mékanime anu dimaksud nyaéta; (1) *Internalisasi*, nyaéta hiji prosés ngadopsi unsur-unsur ti luar ka jero diri. Dina kontéks carita barudak, maca atawa ngaregepkeun carita barudak saenyana mangrupa prosés *internalisasi*; (2) *Objéktivasi*, nyaéta barudak

boga tinimbangan tina prosés *internalisasi* tadi tuluy kaditu bisa nyieun hiji kaputusan sacara kognitif anu mandiri. Hartina, mungkin loba carita anu dibaca berarti unsur-unsur karya sastra bisa jadi tinimbangan pikeun nyieun hiji kaputusan.; jeung (3) *Eksternalisasi*, nyaéta mangrupa prosés anu némbongkeun éksprési tina saran-saran anu ngaliwatan prosés *internalisasi* jeung *objektivasi*.

Dina hasanah kasusastraan Sunda, karya sastra barudak geus mimiti langka dipanggihan, boh di perpustakaan boh di toko-toko buku. Hartina, saupama dibandingkeun jeung karya sastra anu sipatna umum, karya sastra barudak masih kénéh kawilang saeutik, sok sanajan geus loba pangarang anu nyieun karya sastra husus pikeun bacaeun barudak. Pon kitu deui dina widang ilmiah anu aya pakuat-kaitna jeung sastra barudak, can pati loba panaluntikan anu dilakukeun husus ngeunaan sastra barudak.

Salah sahiji pangarang anu bisa disebut produktif medalkeun sastra pikeun pamaca barudak nyaéta Darpan. Sababaraha karya anu kungsi ditulis ku anjeunna matak nimbulkeun kesan anu husus ka pamaca. Karya-karyana anu husus keur mekarkeun sastra barudak upamana baé *Syeh Kuro jeung Dongéng-dongéng Karawang Lianna* (2009), *Goong Siluman* (1993), jeung sajabana. Salah sahiji karya Darpan anu dihususkeun pikeun barudak deui nyaéta *Nala*. Éta karya hadé pisan saupama dibaca boh ku barudak atawa ku pamaca déwasa.

Sacara singget, *Nala* téh ngaran hiji budak anu miboga sifat rada tomboy. Dina éta carita, *Nala* masih kénéh diuk di bangku sakola SD. Hirup ngan ukur duaan jeung indungna anu miboga usaha jualan kadaharan jeung kukuéhan. Singgetna, carita barudak *Nala* nyaritakeun kahirupan barudak sapopoé dina umumna, ngan *Nala* mah digambarkeun hiji budak anu geus nyanghareupan pait-peuheurna kahirupan duaan jeung indungna. Salian éta, kumaha kaayaan sosial dina kahirupan sapopoé, kagambar pisan dina éta karya. Loba hal-hal anu pohara pentingna pikeun ngawangun karakter barudak sangkan euyeub ku hal-hal anu positif anu kadituna bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Dumasar tinimbangan di luhur, carita barudak *Nala* karya Darpan, bisa dijadikeun hiji objék panalungtikan pikeun ngaguar leuwih jero deui ngeunaan

sastra barudak anu ngawengku sababaraha pasualan patali jeung konsép dina sastra barudak. Kadituna, éta karya bakal ditalungtik strukturna nu ngawengku téma jeung fakta carita, sarta sarana carita, tuluy diulik ngagunakeun tiori sosiologi sastra sangkan bisa kaguar aspék-aspék sosialna saperti status sosial jeung prosés sosialna. Sabab, sakumaha prinsip dina tiori sosiologi sastra yén karya sastra moal bisa leupas ti masarakatna. Hartina, carita barudak *Nala* miboga poténsi anu kuat dina ngagambarkeun kahirupan sosial barudak di masarakat. Gejala-gejala sosial anu aya dina éta karya perlu diguar kalawan imeut sangkan bisa diadu-maniskeun jeung fungsi sastra barudak anu pinuh ku ajén-inajén positif di masarakat.

Salian ti éta, bakal dipaluruh ogé ajén atikan karakter anu aya di jerona ngagunakeun tiori étnopédagogik kalawan ngacu kana karakter catur tunggal watak nu ngawengku olah hati, olah pikir, olah raga jeung kinéstétik, sarta olah rasa jeung karsa, tuluy ditalungtik deui sangkan éta karya bisa dijadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran maca di SD.

1.2 Rumusan Pasualan

Pikeun medar carita barudak *Nala* karya Darpan, tangtu loba carana, boh dina métodena boh dina tilikanna. Sangkan ambahan ieu panalungtikan teu lega teuing, perlu ayana rumusan pasualan sangkan leuwih museur dina panalungtikanna. Anapon rumusan pasualan ieu panalungtikan baris dipedar ieu di handap.

1. Kumaha Ringkesan carita barudak *Nala* karya Darpan téh?
2. Kumaha struktur carita barudak *Nala* karya Darpan téh?
3. Kumaha aspék-aspék sosial anu nyangkaruk dina carita barudak *Nala* karya Darpan téh?
4. Ajén atikan karakter naon waé anu nyangkaruk dina carita barudak *Nala* karya Darpan téh?
5. Naha carita barudak *Nala* karya Darpan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca di SD?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan panalungtikan, udagana nyaéta sangkan henteu mengpar tina rancangan panalungtikan nu geus ditangtukeun, ku kituna ieu panalungtikan miboga dua tujuan, nyaéta tujuan umum jeung husus. Anapon pedarana bisa katitén ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun karya sastra, hususna carita barudak *Nala* karya Darpan pikeun bahan pangajaran maca di SD ngaliwatan ulikan tiori struktural, sosiologi sastra, jeung étnopédagogik. Salaku kabeungharan karya sastra, carita barudak *Nala* karya Darpan mangrupa hasil kréativitas pangarang anu kudu diteleban maksud jeung eusina. Ku kituna penting pikeun neleban jeung neuleuman hasil karya pangarang pikeun pangaweruh masarakat, boh masarakat umum, boh masarakat akademis.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga maksud jeung tujuan pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun lima hal, nyaéta:

- 1) Ringkesan carita barudak *Nala* karya Darpan;
- 2) Struktur carita barudak *Nala* karya Darpan;
- 3) Aspék-aspék sosial nu nyangkaruk dina carita barudak *Nala* karya Darpan;
- 4) Ajén atikan karakter naon waé anu nyangkaruk dina carita barudak *Nala* karya Darpan; jeung
- 5) Alternatif bahan pangajaran maca novél di SD.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat teoritis tina ieu panalungtikan nyaéta nambahan pangaweruh ngeunaan paélman dina widang sastra barudak jeung méré informasi ngeunaan struktur carita, aspék sosial, jeung ajén atikan karakter dina carita barudak *Nala* karya Darpan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés deui baris diwincik sababaraha mangpaat anu sifatna praktis, di antarana:

1) Pikeun Panalungtik

Panalungtik bisa mikanyaho jeung meunang pangalaman nalungtik ngeunaan sastra barudak, utamana ngaguar struktur, aspék sosial, jeung ajén atikan karakter anu aya di jerona.

2) Pikeun Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda

Hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan kajembaran dina pangajaran Basa jeung Sastra Sunda anu euyeub ku sarupaning analisis karya sastra hususna struktural, sosiologi sastra, jeung étnopédagogik.

3) Pikeun Hasanah Kasusastraan Sunda

Ngaliwatan ieu panalungtikan, dipiharep bisa ngeuyeuban hasanah kasusastraan Sunda dina widang panalungtikan ilmiah jeung ngeuyeuban élmu pangaweruh dina widang sastra barudak.

1.5 Raraga Tulisan

Hasil ieu panalungtikan bakal disusun dina wangun tésis anu ngawengku lima bab. Anapon sistematikana bisa katitén ieu di handap.

BAB I BUBUKA

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan pasualan, tujuan umum jeung tujuan husus panalungtikan, mangpaat anu

hayang dihontal ku ayana ieu panalungtikan, boh sacara tinulis boh sacara praktis, jeung raraga nulis anu jadi dasar struktur panulisan dina ieu panalungtikan.

BAB II ULIKAN PUSTAKA

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan sajumlahing téori jeung konsép anu bakal dipaké pikeun medar jeung mesék analisis carita barudak *Nala* karya Darpan. Éta konsép téh sumberna tina buku jeung bacaan séjén anu luyu jeung rumusan pasualan dina ieu panalungtikan. Dina ieu bab dipedar naon ari sastra, sastra barudak, struktur carita barudak, naon anu dimaksud sosiologi sastra jeung étnopédagogik sakumna pamanggih para ahli dina éta widang, jeung naon ari bahan pangajaran pikeun medar data panalungtikan.

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan metodeu panalungtikan, desain panalungtikan, sangkan kagambar jalur panalungtikan anu baris dilaksanakeun, data jeung sumber data dina ieu panalungtikan, cara ngumpulkeun data anu ngawengku instrumén panalungtikan, jeung analisis data sarta kumaha prosedur atawa léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan.

BAB IV HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG PEDARAN

Dina ieu bab eusina medar perkara hasil panalungtikan, anu dipatalikeun jeung rumusan pasualan, ogé kajian pustaka di bab II. Kalayan jéntré bakal dipedar data naon waé anu kapanggih dina ulikan struktural jeung sosiologi sastra. Satuluyna didadarkeun ogé data dina ulikan étnopédagogik anu ngawengku ajén atikan karakter nyoko kana ajén atikan karakter catur tunggal watak sarta ngajadikeun hasil ieu panalungtikan pikeun alternatif bahan ajar dina pangajaran maca di SD. Ieu Bab dipungkas ku pedaran palaungtikan.

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab eusina medar ngeunaan hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun sarta ditepikeun ogé sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan, pangpangna ngeunaan rékoméndasi naon baé anu kudu dilaksanakeun kahareupna saréngséna dilaksanakeun ieu panalungtikan. Kakurangan panalungtikan ditepikeun sangkan bisa jadi rujukan dina panalungtikan anu baris dilaksanakeun kahareupna.